Iийдан де бусалба нехан дезде ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шайн Iийдан денош «АллóхIу Акбар» бахарца хазде аш» (ТIабарани).

ИбрахIи́м-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннат дендар а, къен-миска Iаш болчу нахана сагIина жижиг даларца шорто яр а, царна хазахетийтар а ду иза.

Асхьабаша хьаьттира Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «ХIай Делан Элча, гIурбанаш бохург хIун ду?» Цуо жоп делира: «Шун ден ИбрахIиман суннат ду». И суннат лелийча шайна хIун мел хир бу, хьаьттира асхьабаша. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Оцу гIурбанан хIора чонан цIарах дика яздийр ду шуна». Асхьабаша юха а хьаьттира: «Ткъа тIаргIа?» Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Оцу тIаргIан хIора чонца дика яздийр ду шуна». Хьаким.

### ГIУРБАНА УРС ХЬАКХАРАН ХЬУКМА

ГIурба – чIагIдина суннат ду, аьтто болчо кхочуш ца деш дита мегар доцуш. Доьзалехь цхьамма гIурба дийча, массарна а кхачам бо цо, цуьнан ял а хуьлу массарна. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Адаман тIаьхьенах цхьамма а хIокху (гIурбанан) дийнахь гIурбана урс хьаькхна цIий Iанорал еза Iамал ца йина, гергарло хоттаран Iамал йоцург» (ТIабарани).

Iелин кIанта Хьасайна (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЦIеначу нийятца, Делера ял хиларе сатуьйсуш гIурба дийначунна, цуо дийна гIурба жоьжахатах и ларвеш йолу дуьхьало хилла дIахIуттур ду» (ТIабарани).

ГIурба дер важиб хилла тIедужу шина бахьаница:

1) Стага шен долахь долчу, гIурбана урс хьакха мегар долчу бежанна, я уьстагIна, я газанна тIе пIелг хьажийна, и билгалдаьккхича, хIара сан гIурба ду, я хIокху бежанца (уьстагIца, газанца) гIурба дуьйр ду ас, аьлла; 2) Стага чIагIо йина шена тIелаьцнехь, Далла гергахуьлуш гIурба дуьйр ма ду ша, оцу дийне ша валахь, аьлла. Иштта важиб хилла долчу гIурбана урс хьаькхча, цунах долу жижиг дерриге сагIина дала деза, и шена тIера дийначунна даа ца мега.

### ГIУРБА ДУЬЙШ ВОЛЧУН БЕХКАМАШ

1) Бусалба хилар. Керста волчунна тIехь дац гIурба дер.

2) Пхийттараваьлла волуш, хьекъал долуш хилар. Берана, хьекъална эшна волчунна тIехь дац гIурба дер.

3) ГIурба ден аьтто хилар. ГIурбана урс хьоккучу дийнахь, цул тIаьхьа догIучу кхаа дийнахь шена а, шен доьзална а луш долчу напханал алсам рицкъ долуш иза велахь, гIурба дер тIехь ду цунна.

### ГIУРБАНА УРС ХЬАКХА МЕГАШ ДОЛУ ХЬАЙБАНАШ

1) Эмкал; 2) Бежана; 3) УьстагI; 4) Газа. ГIурбана юьйш йолу эмкал пхи шо кхаьчна, бежана, газа – ши шо кхаьчна, уьстагI – цхьа шо кхаьчна хила безаш бу. Эмкал, бежана ворхIанна тIера ден мегар ду. Нагахь уьстагI шо кхаьчна бацахь, амма хьалхара цергаш охьаэгна белахь, иза гIурбана урс хьакха мегаш бу. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, шена Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира, аьлла: «ГIурбана урс хьоккхуш болчу уьстагIах диканиг – иза шен хьалхара церг охьайоьжнарг бу» (Ахьмад).

ГIурбана урс хьокхуш долу хьайба жижигана эшам беш долчу сакхтах маьрша хила деза. БIаьрзе дерг, астагIниг, гирз даьлларг, тIех гIийла дерг, лерга тIера цхьа жимма а дакъа даьккхинарг мегар дац гIурбана. Амма лергана Iуьрг даьккхина, я кIеззиг лерг хадийна хилча, гIурбана мегаш ду и. Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Диъ хIуманах цхьаъ шеца долу хьайба гIурбана мегар дац: бIаьрзе дерг, шен бIаьрзе хилар билгал долуш; цомгаш дерг, шен цомгаш хилар билгал долуш; астагIа дерг, шен астагIа хилар билгал долуш; гIийла-оза дерг, шен тIум йоцуш» (Тирмизи).

ХIара сакхташ санна лоруш ду церан жижиг эшош долу кхидолу сакхташ а. Урс хьоккхуш волчунна нийят дар важиб ду, ша урс хьакхар деза а ду цунна. Нагахь ша и хууш вацахь, цо векал ван мегар ду урс хьакха хууш верг.

ГIурбана урс хьокху хан

Зуль-Хьиджат беттан 10-чу дийнахь малх схьакхеттачул тIаьхьа, ши ракаIат суннат ламаз дарца ши хутIба а доьшуш, урс хьокху хан йолало. И хан чекхйолу Iийдан дийнал тIаьхьадогIучу кхаа динах кхоалгIачу дийнахь малх чубузарца. Iийдан дийнахь ламаз дина валарца урс хьакхар деза ду. Ламаз дале хьалха урс хьаькхна волчун гIурба хир дац. Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ХIара Iийдан де ламаз дарца дIадолор ду вай, тIаккха вайн хIусамашка дIадахана, гIурбана урс хьоккхур ду вай. Иштта и гIурба дийнарг (Iийда ламазал тIаьхьа), иза вайн некъа тIехь (суннат лардеш) ву, амма ламаз дале хьалха урс хьаькхначо шен доьзална даа жижиг хилийтина, къобалдеш долу гIурба дац цо дийнарг» (Бухари).



### Г1УРБАНАН ЖИЖИГ АХ ДИЙРИГ

Вай хьалха дийцира гIурба дер важиб хуьлуш долу ши бахьана. Нагахь санна и гIурба дер оцу шина бахьанах цхьана бахьаница нисделлехь, цунна а, цуо шайна напха латто дезаш болчу цуьнан доьзалшна а мегар дац цуьнан жижиг даа. Амма цуо дийнарг суннат гIурба делахь, цунна мегар ду шена луъучул цунах даа. Ша дийначу гIурбанан кхоалгIа дакъа шена, шен доьзална даа чохь дитина, дисина ши дакъа мискачу нахана сагIина дIадалар дика ду цунна. Ша дийначу гIурбанан цIока сагIина яла мега, я цIахь дезар оьцуш йита мега. Амма и цIока йохка, я урс хьаькхначунна йолана яла мегаш дац. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ша дийначу гIурбанан цIока йоьхкина волчун гIурба (къобал) хир дац» (Хьаким).

### IИЙДАН ДИЙНАХЬ ЛАРДАН ДЕЗА СУННАТАШ

1) Iийдан дийнахь ша ламазе вахале хьалха лийчар, керла бедар юхар, IатIар, я и санна хаза хьожа йолу хIума тохар суннат ду.

2) Iийдан ламазе хьалххе вахар а ду суннат.

3) ГIаш волавелла ламазе вахар деза, мелехь ду.

4) ГIурбан Iийдане хIума ца кхоллуш вахар деза ду.

5) Ша ламазе ваханчу новкъахула ца вогIуш, кхечу новкъа юхавар дика ду.



6) ГIурбанан деношкахь хIора фарз ламазал тIаьхьа «АллóхIу Акбар, АллóхIу Акбар, АллóхIу Акбар, лá илáхIа иллаллóхIу, валлóхIу Акбар, АллóхIу Акбар, ва лиллáхIиль хьамду» алар деза ду.

### IИЙДАН ЛАМАЗ ДАРАН КУЦ

Ламаз доьхкуш имама нийят иштта дийр ду:

«Ас нийят ди жамIатца ши ракаIат Iийдан ламаз со имам хиллачу хьолехь Далла дан, АллóхIу Акбар», – аьлла.

Имамана тIаьхьахIоьттина ламаз деш волчо нийят иштта дийр ду:

«Ас нийят ди жамIатца ши ракаIат Iийдан ламаз имамана тIаьхьа Далла дан, АллóхIу Акбар», – аьлла. Ламаз дихкинчул тIаьхьа имамана тIаьххье хьалхарчу ракаIатехь ворхIазза «АллóхIу Акбар» эр ду, ламаз доьхкучу хенахь санна ши куьг хьала а ойбуш. ХIора шина «АллóхIу Акбар» юккъехь хIара тасбихь доьшур ду: «СубхьáналлóхIи, валь-хьамду лиллáхIи, ва лá илáхIа иллаллóхIу, валлóхIу Акбар». ТIаккха имама «Фатихьат» («Бисмилла») доьшур ду хаза а хезаш, тIаьхьахIиттинчара, имам дешна ваьлча «Áми́н» аьлла, шайна хезачу барамехь «Бисмилла» доьшур ду. ШолгIачу ракаIатехь пхоьазза «АллóхIу Акбар» эр ду, сужданера хьаланислуш олуш дерг доцург. Царна юккъехь хьалхарчу ракаIатехь санна тасбихь доьшур ду.

ТIаккха имама «Фатихьат» («Бисмилла)» доьшур ду хаза а хезаш, тIаьхьахIиттинчара, имам дешна ваьлча «Áми́н» аьлла, шайна хезачу барамехь «Бисмилла» - доьшур ду. «Эттахьиг» дешна, имамана тIаьххье салам а делла, дерзор ду ламаз. Цул тIаьхьа имама дечу шина хутIбане ладугIур ду, деш долчу доIина «Áми́н» эр ду.

Веза-Сийлахьчу Дала къобалдойла вайн гIурбанаш!

***Магамедов Сулиман***

ТУРПАЛХОЙ

## АБУБАКАР НАСУХАНОВ БЫЛ ЯРКИМ ПРИМЕРОМ ДЛЯ ПОДРАЖАНИЯ




***«Капля отваги дороже моря удачи»***

Насуханов Абубакар родился 22 октября 1973 года в с. Центарой (в настоящее время Ахмат-Юрт) в большой дружной семье. Родители воспитывали своих детей, прививая им ценности Ислама, обучая их традициям и обычаям чеченского народа. Абубакар был старшим сыном, всячески помогал родителям в домашних делах. В возрасте 7 лет Абубакар пошел в СОШ №1 села Центарой. Ныне школа носит имя Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала г1азот къобалдойла цуьнан!).

Абубакар хорошо учился в школе, обучался также в медресе. Со слов учителей, наш герой с первого класса демонстрировал невероятную тягу к знаниям, а для одноклассников Абубакар был ярким примером для подражания.

«Он был очень добрым, богобоязненным и отважным человеком, готовый всегда прийти на помощь», - говорят о нем. После школы Абубакар учился в Исламском институте, который основал Ахмат-Хаджи Кадыров. Позже он сам начал обучать Корану детей. В 1995 году наш герой решил создать семью и женился, в этом браке стал отцом двух прекрасных детей.

Когда Первый Президент Чеченской Республики, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров объявил непримиримую борьбу международным террористам, хозяйничавшим в республике, Абубакар был в числе первых, кто откликнулся на его призыв защитить народ от унижения и уничтожения. Его уважали и ценили за мужество, благородство, стойкость перед лицом опасности, верность и надежность.

Родные и близкие, друзья и коллеги описывают Абубакара свойственными для настоящего чеченца и патриота словами: был мужественным, набожным, порядочным человеком, опорой и поддержкой во всем.

Сослуживцы запомнили его дисциплинированным, ответственным и справедливым.

Всевышний предначертал Абубакару гибель будучи на защите мира и спокойствия народа от рук проклятых «шайтанов».

5 мая 1999 года в результате подрыва автомобиля, совершенного в Грозном, погибли пятеро охранников Ахмат-Хаджи: Абубакар Насуханов, Рамзан Саид-Магомедович Кадыров, Юсуп Сакказов, Олхазур Эдельгириев и Хусайн Давтуев.

Абубакар пользовался уважением у всех, кто его знал. Его гибель стала трагедией и вместе с тем примером самоотверженности, патриотизма и героизма для многих. Он осознанно принял риск и честь профессии – верой и правдой служить народу на пути Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова.

Абубакар награжден орденом Кадырова (посмертно). Мать Абубакара награждена медалью «Ненан сий» («Материнская слава»). Имя Абубакара носит одна из улиц в селе Ахмат-Юрт.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан.

***Республиканский проект «Турпалхой»***

ХЬЕХАМ

## СИНГАТТАМЕ МА ХИЛА ХЬО…

Са ма гатде ахь… Бакъдолуш, цамгар дIаер ю хьуна, бáла а дIабоьрзур бу хьуна, къиношна а Дала гечдийр ду хьуна, декхар а тIерадер ду хьуна, лаьцнарг а дIахоьцур ву хьуна, вайнарг а цIавоьрзур ву хьуна, Iесаллехь волчо а тоба дийр ду хьуна, къеллехь волчун хьал а толур ду хьуна.

Са ма гатде ахь… Iаьржа мархаш дIаса муха яьржа ца гина хьуна?! Бодане буьйса дIа муха йолу ца гина хьуна?! Марсабаьлла хьоькху мох дIа муха тоь ца гина хьуна?! Шийла дарц дIа муха айло ца гина хьуна?! Хьан сингаттамаш а иштта дIабевр бу хьуна, хьан дахар а толур ду хьуна, хьан тIаьхьало а ирсе хир ю хьуна.

Са ма гатде ахь… Маьлхан Iовжар сийналлин IиндагIо дIадоккху хьуна, делкъанан хьогалла сирлачу шовдано дIайоккху хьуна, мацалло Iовжор довхачу баьпко дIатéдо хьуна, сема яьккхинчу буьйсанал тIаьхьа мерза наб йогIу хьуна, цамгаран лазамаш цул тIаьхьа йогIучу могшаллин марзоно дIаайбо хьуна, ткъа ахь дан дезарг жимма собар ду хьуна, кIеззиг сатохар ду хьуна.

Сингаттаме ма хила хьо… Лоьраш хьере хилла хIума ду хьуна, хьекъалчаш гIорасиз хилла хIума ду хьуна, Iеламнах севцца хIума ду хьуна, илланчаш хаттаре бийлина хIума ду хьуна, мел хIилланаш лело гIертарх пайда ца хилла хIума ду хьуна Делан кхиэл лелар, Цуьнан лаам кхочуш хила безар, хьуна язделларг ца хилча ца долуш хилар.

***Iаид аль-Къарний***

МЕХАПЧУХ

# ДИКА ГIУЛЛАКХАШ

Жимачу АтагIарчу маьждиган имама Ахмадов Турпала дIадолийна Iаламат мехала гIуллакх ду: иза ша вехачу юьртарчу къен-мискачу нахана гIо-накъосталла дар ду.

Вайна ма-хаъара, хIусам бохург доккха хIума ду. Хийла нисло чуваха шен хIусам йоцург. Мехах а, маьхза а нехан хIусамашкахула бевлла лела ишттанаш, цхьанхьа боьлхуш, кхечанхьа боьлхуш. Мел хIуъа баьхча а, шен долахь йоцу хIума, шен долахь йоцуш ю. Шен долахь ца хилча, декъа тIехь Iутту куьг а доггах ца хуьлу. ХIунда аьлча, и ша динарг дуьсур дуй хаьа цунна. Иза иштта нис а ло. Мацца ваьлла а нехан хIусамера аравала веза. И иштта делахь а, цкъачунна чуваха хIусам карор яцара-те бохурш а хуьлу, тховкIело лоьхуш. Адамаш цхьана хьолехь дац.

Цхьабераш шайн долахь хIусамаш а йолуш, уьш мелла а тишъелла, йоха герга яхана йолуш хуьлу. Царна юкъахь оцу хIусмашкахь гатто ерш а хуьлу, чохь доьзал мелла а алсам болуш. Вай лакахь ма-аллара, адамийн хьелаш цхьатерра дац: халонгехь бохкучарел а, алсам хало ерш а нисло. Оцу хьелашкахь бохкучу нахана кIеззиг бен дацахь а, ахь динчух гIо-накъосталла хуьлу. Ткъа вай хIинцца хьахийначу Жимачу АтагIарчу маьждиган имама Ахмадов Турпала оцу нахана деш долу гIо-накъосталла дац. Дукхахьолахь, стаг ша дуьненчохь йоккхучу ханна шена хIусам ян гIерташ воллу. И хIусам яр ца нислуш, йича а, цу чохь, тIехь дан дезарш дар ца нислуш дIайоьду цуьнан хан. Иштта бохкучу наха йолийна хIусамаш чекхйохуш, кибарчиг, шифер, неI-кор, цемент, жагIа эца ахча вовшахтухуш къахьоьгуш ву Ахмадов Турпал. И ахча юьртахоша луш долу сагIа ду дуккхах дерг. Ватсап мессенджер чохь тоба а йина, ша хIун эцна, ша эцначу хIора хIуманан мах гойтуш, царна ша лелориг довзуьйту Турпала. Оцу балхана лелош тептар ду цуьнгахь. Цул сов, ша дIа а воьдуш, оцу хIусамашкара белхаш муьлхачу хьоле бевлла а хоуьйтуш, видио йоккхий, цигара хьал довзуьйту цо оцу нахана гIо деш ахчанца дакъалоцучарна. Вай лакхахь цIераш яьхна болу и берриге а гIирсаш, оцу нахана оьций охьабохку, оцу наха цхьа а хIума шаьш а эца ца езаш. Оцу хIусамийн дайшна дуьсуш дерг–оцу гIирсех пайдаоьцуш, шайн хIусамаш тояр ду. ТIаьххьарчу кхаа баттахь, пхе доьзална хIусамаш тоеш, ши миллион гергга ахча доьхкина. Вай лакхахь ма-аллара, дукхах дерг сагIийна делла ахча ду иза. Иштта юьртара комаьрша нах а ца бисина юьстаха. Цара а дакъалаьцна ахчанца.

Шен къамелехь, оцу гIийлачарна гIо мел диначарна сих-сиха баркалла олу Турпала. Цунна ша дешна стаг хиларе терра, динехьара оцу белхан мел мах бу хаьа. Оцу беркатечу гIуллакхехь дакъалаьцначунна Далла гергахь мел ял ю дуьйцуш, цу тайпанчу дикачу гIуллакхашна церан дог-ойла кхин а ойбуш, хьехам бо Турпала: «И нах оцу шайн хIусамаш чу а бахана, оцу хIусамашкахь цара йоккхуш йолчу хIора секондах а, хIора минотах а шуна ял хир ю, цара царна чохь деш долчу ламазах шуна ял хир ю, цара цу чохь кхобуш долчу марханах шуна ял хир ю, цара цу чохь Къуръан дешахь, шуна ял хир ю, къематде тIекхаччалц оцу наха оцу хIусамаш чохь Iан а Iаш, царах пайда мел оьцу, оцу декъа мел ваханчунна Далла гергахь ял хир ю». Адамна гIо-накъосталла дар иштта деза а, сийлахь а дуй шена хааре терра, чохь яахIума йоцучарна юьртахь, сурсаташна ахча а гулдой, царна и сурсаташ дIасадоькъуш а ву иза. Шен ма-хуьллу эхартана кечам беш ву иза ша а, иштта оцу эхартана кечам бойтуш ву нахе а. Иза карор дуй хаьа цунна. Ахь адамалле диллича а, доккха хIума ду нахана орцахвалар. Адамалло а цу тIенисдо вай. Делахь а, динца долчо гуттар а оцу тайпанчу хIуманна шовкъе во бусалба стаг. Иштта гIийламиска бохкучарна гIо ду деш Турпалан дIадолорца.

Юьртахь долчу юкъараллин кхечу хIуманна тIехь а жигархо ву Турпал: кешнаш цIандар хуьлда и, маьждигехь оьшучунна хуьлда и... Муьххачу хIуманна а сема ву иза. Иштта ша хиларе терра, юьртахь хьуьжар оьшуш хиларна а само йира цо.

Мажлисехь (Дела хьехош цхьанакхетарехь) шаьш вошаххкетта Iаш, шайна хьуьжар оьшуш хилар хьахаделча, циггахь нийят хилира Жимачу АтIагIарчу маьждиган имаман Ахмадов Турпалан и хьуьжар ян. Цул тIаьхьа юьртарчу нахана шен Iалашо йовзийтира цо. Наха дукха хазахетарца тIеийцира цо арабаьккхина некъ. Цу юьртахойн гIо-накъосталлица гIанташ, партанаш, у, жайнаш ийцира, иштта, кхо хьехархо а лаьцна, царна алапаш а хIиттийра. Юьртахоша ахчанаш вовшахтохар бахьана долуш, маьждигехь и болх дIаболийра Турпала. Шовзткъе ялхийтта бер дара цу чохь Iамош. 2009-чу шеран декабрь (гIуран) беттан I2-чу дийнахь хилира церан цу хьуьжарехь дуьххьарлера дарс. Хьехархоша сацам а бина, вархI шарна вовшахтоьхна программа а яра церан. Муфтиято ткъобал а йина и программа.

Маьждигехь а доцуш, цу хьужарна шенна цхьа гIишло хилча дика хир дар-кха аьлла, хьуьжарна меттиг лаха аравелира вайн турпалхо. Цхьа кIира а дIадаьллера эвлаюккъехьа, дикачохь хьужарна эца меттиг ца карош. Турпал хьуьжарна меттиг лоьхуш вуй а хиъна, Юсупов Ахьмада хабар дайтинера: «Сан гIуллакх дара, вистхила везаш вара со, со волчу кхетахьара»,- аьлла. Иштта, Турпал дIа а кхайкхина, шен декъана хьалхха йолу меттиг лур яра ша, шен ницкъ ма-кхоччу цу тIехь и хьуьжар ян а гIоьртар вара ша, шега яйтахьара и аьлла, шена мелана тIелаьцнера Ахьмада и болх. Цу балхана оьшуш долу ахча Ахмадов Турпале дIалуш дара. Схьайохьучунна, дIахьочунна, дан дезачу массо хIуманна Турпална юххе ваьлла гIо-накъосталла деш вара Жимачу АтIагIарчу доккхачу маьждигехь завхоз волу Исаев Изновр. Даима санна, юьртахь деш долчу хIуманна юкъйиххина лаьтташ волчу цо дийнахь, буса хьегна къа билгалдоккху Турпала, цунна баркалла аларца. Иштта хилча, иштта хир ду бохуш, цаьршимма вовшашца дага а вуьйлуш йина и Делан Iилма Iамон хIусам, Юсупов Ахьмадан комаьршалла бахьана долуш.

2020-чу шарахь, болийра цу хьуьжарна бухботта. Карантин хилар бахьана долуш, масех баттана юкъах баккха дийзира болх. Амма и болх тесна ца битира. Шайна цу цамгарехьара маршо ма-елланехь, кхидIа а бира и беркате болх. Дукхах йолу харж, ма-дарра аьлча, масех милион соьмана харж Ахьмада шен чоьтах йира. Бакъду, юьртара нах а ца Iийра шайга лаццалучул дакъа ца лоцуш. Тхов туьллуш хуьлийла и, лами беш хуьлийла и, цIенкъа хьоьхуш хуьлийла и, шайгахь йолчу говзалле хьаьжжина гIо-накъосталла дира цара а. Церан нийят цIена дара. Делан дуьхьа бохуш, и юьртана оьшуш юьй а хууш, шайна цунах ял хир юй а хууш, доггах баьхкира уьш. Иштта, массеран а къинхьегамца оханан (апрель) беттан хьалхарчу дийнахь хьуьжар схьайиллина. Хьуьжар Iаламат хаза, мутIеламашна дерриге а хьелаш долуш ю: йоккха библиотека , хьехархойн чоь, кхача буу чоь, божаршна а, зударшна а ламаз оьцийла. Кхо класс ю цу чохь, ткъе итт дешархо цхьана классехь а волуш. Ма-дарра аьлча, 90 дешархо хуьлу цхьана хенна цу чохь деша йиш ерг. Цу чохь деша дIаязвелларг верриге а 265 мутаIелам ву, царех I80 зудабер ду. МутаIеламашна оьшуш долу жайнаш цкъа а цаьрга эцийтина дац. Цу тIехь царна оьшург юьртахошка олу Турпала.

Царна хьеха кхечу ярташкара а хьехархой бу кхайкхина. Уьш бу вайн махкара а, махкал арахьара а лаккхара дешаран хьукматаш чекхъяьхна нах. Карарчу хенахь университеташкахь, иштта хьуьжарашкахь хьоьхуш а бу уьш.

Цу чохь элпаш Iаморна тIера дIа а долийна, Къуръан деша а, цуьнан маьIна дан а Iамор ду. Ма-дарра аьлча, муьлххачу лаккхарчу дешаран хьукматехь санна, цу хьуьжарехь дешнарг Iеламстаг хир волуш хIоттийна программа ю. Иза дерриге а муфтиятца дийцаре дина, цо къобалдина ду.

Хьуьжар схьайоьллуш, дакъалоцуш вара Нохчийчоьнан муфти Межиев Салахь-Хьаьжа, шеца дуккха а дешна нах а болуш. Шен къамелехь Межиев Салахь-Хьаьжас билгалдаьккхира, тIекхуьу чкъор ийманехь кхетош-кхиорехь и тайпана дешаран хьукматаш схьаеллар мехала гIуллакх хилар. «ХIора шарахь алсамдовлуш ду маьждигаш, хьуьжарш. Тайп-тайпанчу хенашкара нах бу Исламан баххаш Iамош, иштта Къуръан Iамош, хьафизаш бу кхуьуш. И дерриге а Нохчийн Республикан Куьгалхочун Кадыров Рамзанан бусулба дин кхиорна тIехь терго латтош хилар ду»,-элира Межидов Салахь -Хьаьжас.

Ишттачу тIаьхьенах кхуьш бу Ахмадов Турпал санна болу нах. Турпал ша санна болчу имамашна а, иштта муьлххачу бусалба стагана а масал ду.

***Банжаев Аьрзу***

ХАТТАРШ А, ЖОЬПАШ А – ШАРИIАТЦА

**Бицлуш болчу нахехь ерг цамгар ю ала мегар долуш, ламазехь вицвалар бахьана долуш бала хьоьгуш нах бу. ХIун дан деза ламаз дарна а, эцарна а?**

Иштта вицвалар Дала стеган хьекъал дIаайар ду. Иштта вицвелла стаг бехке хир вац цхьана а хIуманна, хIунда аьлча «Таклиф охIла» волчуьра дIаволу иза. Иштта ша вицваларна, цхьаьнга схьа а хоуьйтуш, дан деза аьлча, ца деза аьлла, жоп делла. И цуьнга Дала хIоттийна хьал ду, тоххара таза волчу хенахь дина долчу ламазел лекха лерина Дала хIинца цо, шена дан а луш, дина ламаз. Цундела цунах тешна хир ду вай, Дала мукъ лахь.

**Ялхийтта шо кхаьчча бен рузбане ваха ца волавелла ша. Цул хьалха цавахарна Дала гечдийр дуй шена, бохуш хоьтту.**

Дела реза хуьлда цунна и само ярна. Пхийттара валлалц тIехь дац рузба, амма пхийттара валале ца хьоьжуш вахча, ял алсам хир ю. ХIетталц ца вахча, къа яздеш дац иза. Дала ийманехь нисвалар лойла цунна.

**ТIера бедар ламазна цIена цахилар коьртера а даьлла ламаз динехь я ламаз дина ваьллачул тIаьхьа бен и бедар боьха юй ца хиънехь, хIун дан деза?**

Ламаз дарца саготта волуш, боьха бедар хийца вицвелла я ламаз динчул тIаьхьа бен и бедар боьха юй ца хиънехь, хIун дан деза аьлча, ламазан хан тилаза елахь, шен бедар хийца а хийцина, юхадан деза ламаз. Нагахь санна ламазан хан тиллачул тIаьхьа шена и хиънехь, шен мас ламаз дисина дагар а дина, доькхуш дан деза. Дала товфикъ лойла царна нисбаларехь.

**ВерхIитта шо кхаьчна кIант ву шен, мотт хууш а, хезаш а вац. Цунна ламаз ца Iамало шега, цунах къа-м хир дац шена, бохуш хоьтту.**



Нагахь санна дIааьлларг тIаьхьара схьаалалучу хьолехь и бер делахь, ламаз Iамадо вай цунна, амма и схьадийца цахаарх а, цо хьалоццург хьеха деза цунна. Схьабийца мотт ца хаахь, ламаз деш санна, хьала-охьа теIча а, ял ю цунна. Вайна бийца мотт белларг а, ниIматаш делларг а Дела ма ву, Цунна гуш ма ду вай Шен дуьхьа деш дерг. Дала Шен йоле юьллийла цуьнан Iамал.

**Ламаз тIехь рукуIе воьдуш а, иIтидале хьалавогIуш а, куьйгаш айдаран хьокъехь тайп-тайпана дуьйцу. Цуьнах лаций бакъахьа дерг дийцахьара.**



Куьйгаш айъарх лаьцна дерг шариIатехь дийцина ду. Куьйгаш ойъур ду ламазна хьала-охьа таьIачу меттехь, ламаз доьхкуш ма-айъара, хьала а дохуьйтур ду, юха охьа а дохуьйтур ду аьлла, билгалдина ду. Цхьаболчу имамаша и магийна схьаэцна. Царах ву вайн мазхIабан имам волу ШафиIи. Цхьаболчара и схьа ца эцна, ткъа царах ву Абу-Хьаннифат. Оцу мазхIабехь сецна волчу стага шайн имама хьехнарг лелийча, и бехказа ву. ШафиIин мазхIабехь куьйгаш айъа сацам бина, ткъа вай цу мазхIабехь ду.

***Хаттаршна жоьпаш делла***
***КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо***
***Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас***

ПРЕДПИСАНИЯ

# Дичь и забой животных

Животное нельзя употреблять (в пищу) без (предварительного) забоя (с соблюдением предписаний шариата), за исключением рыбы и саранчи, (т.е.) мертвечину рыбы и саранчи разрешается употреблять в пищу. Запрещено есть то, что зарезал огнепоклонник, вероотступник, идолопоклонник и христианин арабского происхождения. Животное можно зарезать всем тем, что имеет острый режущий край, кроме зуба, кости, когтя и ногтя, независимо от того, соединён он (с обладателем) или отделён (от него). Перерезание горла и пищевода является обязательным условием во всём, что было доступным для забоя. Желательно повернуть животное в сторону Киблы, использовать острый (хорошо заточенный) нож, нанести порез быстро, (предварительно) упомянуть имя Всевышнего (Бисмиллаьх1и, Валлах1у Акбар), произнести салават Пророку (да благословит его Аллах и приветствует), перерезать две шейные вены. Если осуществляется забой верблюда, то порез желательно наносить на горло в нижней части шеи, также желательно, чтобы верблюд во время забоя стоял в стреноженном положении. Остальных животных перед забоем желательно уложить на левый бок. Желательно не ломать шею животного и не снимать с него шкуру до того, как оно испустит дух. Нельзя делать паузу во время перерезания горла и пищевода. Если забойщик, начав наносить порез, поднимет руку до того, как перережет горло и пищевод полностью, затем завершит это действие (со второй попытки), то мясо этого животного не является пригодным (для употребления в пищу). А что касается дичи, то она считается дозволенной, если её поразила стрела или поймал обученный зверь (собака или хищная птица), которые выпущены зрячим, пригодным для совершения забоя (животных человеком) при условии, что дичь не издохла от тяжести, попавшей в неё плашмя стрелы, и выпущенный зверь не съел ничего из её туши. Если дичь, пораженная стрелой, упала в воду или на горную возвышенность, затем упала с неё и издохла, или охотник потерял её из виду после того, как ранил, затем нашёл дохлой, то (во всех этих трёх случаях) её нельзя употреблять в пищу. Если сбежал верблюд или подобное ему (другое домашнее животное) и было трудно его вернуть (т.е. поймать), или он упал в колодец и было трудно его вытащить , то его мясо будет дозволенным, если нанести ему рану куском железа (или другим острым предметом в области горла или) в любом (другом) месте на его теле, и он умрёт (от этой раны, а не захлебнувшись водой из колодца). Истинные знания у Аллаха.

# Пища

К съедобным животным относятся: дикая корова, дикий осёл, гиена, лиса, заяц, еж, даман (жиряк), газель (также антилопа), ящерица (шипохвост), страус, лошади. Несъедобные – кошка, насекомые, вызывающие отвращение, такие, как муравьи, мухи и им подобные. Несъедобно и то, что при нападении (и защите) использует клыки, как, например, лев, гепард, тигр, волк, медведь, обезьяна и им подобные. (Также) считается несъедобным то, что при охоте (на свою жертву) использует когти, как, например, сокол, сапсан, коршун, ворон, в отличие от полевой вороны (которая ест только посевы), её можно есть. Нельзя есть и то, что выродилось от скрещивания съедобного животного с несъедобным, как, например, мул (помесь осла и кобылы). Разрешается употреблять в пищу всякую водную дичь, кроме лягушки, крокодила (морской черепахи, рака, змеи, морской обезьяны). Нельзя употреблять в пищу то, что вредит (организму), как, например, яд, стекло, земля, или является нечистым, или чистым, но вызывает отвращение, как, например, мокрота (исходящая из дыхательных путей). А если человек был вынужден съесть мертвечину (из-за боязни умереть от голода), он съест из неё не больше, чем то, что необходимо для поддержания жизни. Если он найдет мертвечину и пищу, принадлежащую другому (человеку, который на этот момент отсутствует), или паломник (которому запрещено охотиться и есть дичь) найдет мертвечину и дичь, то он (т.е. каждый из двух, испытывающих крайнюю необходимость в пище) съест (т.е. выберет) мертвечину (это лучше для него, чем позариться на чужое в первом случае или чем нарушить запрет хаджа – во втором).

***С. Муртазаев***

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Тридцать лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых эвлия, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Хож-Ахмад-Хаджи Кадыров**
**Основатель газеты Масуд Заурбеков**
**Главный редактор Фарида Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 15.07.2021 г. 15:00. Подписано в печать: 15.07.2021 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161.

**16+**